

Ba Kouran Relasyonèl: Atizay Modèn nan Zil Karayib yo

22 Jen rive 8 Septann 2019

Mize Atizay Delaware

Egzibisyon sa a prezante atizay Karayib la nan 21yèm syèk nan zil Karayib yo. Li fasil pou'n tandè espesyalis yo pale de varyete ki genyen nan zòn saa, sitou diferan kouch koulè listwa kolonyal la te kite, ansanm ak divèsite ekstraòdinè li genyen. *Relational Undercurrents* chache wè pito jan atizay zil Karayib yo makonnen youn ak lòt. An jeneral gen kèk nan zil sa yo ke nou pa konsidere komkwa yo fè pati de "Lamerik Latin", se sak fè egpozisyon sa a defye lide limit jewografi yo mete sou zil ki tou pre zòn saa, ki gen menm sistèm ekoloji epi ki gen preske menm listwa.

Olye'l kenbe lide ke peyi nan Lamerik Latin se sèlman peyi kontinantal yo, egzibisyon sa a li menm vle fè nou wè yon lòt kat jewografi ki kòmanse pito nan zil Karayib lan. Egzibisyon an prezante nou atis ki gen rasinn yo an Ayiti, Repiblik Dominikèn, Kiba, Pòtò Riko, Kiraso, Awouba, Sen Matinn, Sen Maten, Matinik, Gwadaloup, Trinidad, Jamayik, Bahamas, Barbado, ak Sen Vensan. Atravè èvreda yo, atansyon nou vin santre sou zil sa a yo, kifè nou paka bouche zye nou ankò sou pwoblèm Karayib la genyen, pwoblèm ki enpòtan tou pou tout zòn sa a an jeneral. Istwa kolonizasyon zòn lan fè ke tèm ki parèt souvan nan atizay yo se ras moun ak gwoup etnik, listwa, idantite, endepandans, migrasyon, ansanm ak andirans. Egzibisyon an touche tèm sa yo ak yon bann lòt atravè kat seksyon ki gen pou tèm: Katografi Konseptyèl, Orizon a Lenfini, Ekoloji Peyizaj, ak Zèv pou la Repezantasyon. *Ba Kouran Relasyonèl* gen zèw plis pase 60 atis ki gen ladan yo tablo penti, enstalasyon, eskilti, fotografi, videyo ak pèfòmans.

Egzibisyon saa se *Museum of Latin American Art* (MOLAA) nan Long Beach, Kalifòni ki te òganize'l pou inisyasyon Fondasyon *Getty PST: LA/LA*. Egzibisyon sa a te fèt nan Delaware gras a fondasyon *Emily du Pont Memorial Exhibition Fund*. Lòt sipò pou egzibisyon an te sòti tou, an pati, pa yon don de *Delaware Division of the Arts*, pa yon ajans leta an kolaborasyon ak *Delaware Division of the Arts*, yon ajans leta, an kolaborasyon ak *National Endowment of the Arts*. Ajans saa fè pwomosyon evènman atizanal sou www.Delawarescene.com.

Pwogram Egzibisyon

Diskou Atis

Dimanch 23 Jen, 2pm

Juana Valdes

Dimanch 30 Jen, 2pm

Scherezade Garcia

Dimanch 28 Jiyè, 1pm

Nicole Awai

Rankontre atis Karayibeyen yo pou yon Diskou de Galri a nan egzibisyon espesyal sa a. Gratis

Vizit Espesyal Egzibisyon an

Angle

Samdi 22 Jen rive 7 Septann a 2pm

Panyòl Dimanch 21 ak 28 Jiyè; 11,18 ak 25 Out a 2pm
Jedi 1ye ak 22 Out a 6pm

Kreyòl Ayisyen Dimanch 7 Jiyè ak 4 Out a 2pm
Jedi 25 Jiyè a 6:30pm

Vizite egzibisyon espesyal sa a avèk yon gid swa an Angle, Panyòl oswa Kreyòl Ayisyen. Gratis apre admisyon.

Festival Afriken ak Karayibeyen

3 Out de 2pm a 6pm

Selebre kilti Afrik ak Karayib la pa mizik, atizay nan jaden *Copeland Structure Garden* lan. Rantre vizite egzibisyon espesyal sa a. Prezantasyon saa fèt an kolaborasyon avec *Delaware African Caribbean Coalition* (Koalisyon Afrikano-Karayibeyen Delaware). Gratis

Los Plenaros de la 21

Jedi 11 Jiyè a 8pm

Vin danse dans bomba Pòto Rico, salsa, jazz ak hip hop! Ann apre, amize'w ak DJ a nan fèt ki pral fèt apre a. \$30 pou moun ki mamb mize a , \$35 pou moun ki pa mamb, \$25 pou Etidyan.

Fanm D' Ayiti de Nathalie Joachim avèk *Spektral Quartet*

Jedi 25 Jiyè a 8pm

Pwojè sa a selebre fanm ki nan chante ayisyèn yo epi li eksplòre istwa endividyèl yo en rapò ak kilti Afro Karayibyèn lan, lasosyete, listwa, mizik. Konsa yo ba yo yon platfòm entènasyonal ke yo byen merite. \$30 pou moun ki manb mize a, \$35 pou moun ki pa mamb, \$25 pou Etidyan ak jèn moun.

Makeda Thomas, "*The Light Fantastical*"

16 Out, nan la sware

Dansèz/Koregraf Makeda Thomas ap nan mize a pou vin fè atelye pou kominote a soti 10 Out rive 16 Out nan tout Wilmington. Nan èvènman final la ap genyen yon pwosesyon Trinidadyen tradisyonèl ak yon pefòmans zèv li "*The Light Fantastical*".

Sipò pou diskou atis sou tèm *Relational Undercurrents* te fèt gras a Stephen Kingsberry ak Dr. Sheridan Quarless Kingsberry e gras a Stephanie Lord.